

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa hirup dina hiji kelompok nu disebut masarakat. Dina kahirupan masarakat bakal muncul kabiasaan-kabiasaan dumasar kana akal budi nu dipiboga ku manusa. Saterusna, ieu kabiasaan téh kaasup cara mikir jeung prilaku sok disebut kabudayaan. Kabudayaan téh nya éta kabiasaan manusa nu aya dina kahirupan sapopoé jeung alamna.

Nurutkeun Spradley dina Kosasih (2005, kc. 32), kabudayaan téh sajumlahing aturan, pituduh, atawa resép tina rupa-rupa model kognitif nu digunakeun ku manusa kalawan seléktif luyu jeung lingkunganana. Ku ayana kabudayaan téa manusa diperedih sangkan mampu ngadumaniskeun interaksi jeung sasama katut alamna, nu ahir baring bakal ngawariskeun ajén-inajén anu gedé mangpaatna pikeun hirup jeung huripna unggal generasi.

Masarakat Sunda miboga tradisi anu masih dijaga sarta dilaksanakeun. Saperti upacara adat ruatan, upacara adat hajat laut, upacara nikahan, upacara ngurebkeun, jeung sajabana. Upacara adat masih kénéh hirup dina jaman kiwari kusabab ayana kasadaran jeung kahayang sakabéh elemen masarakat pikeun ngamumulé kabudayaanana. Salah sahiji contona aya di Jawa Barat, pernahna di Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar aya kénéh upacara adat warisan karuhun anu masih kénéh hirup jeung dilaksanakeun dina unggal bulan Mulud.

Upacara adat téh mangrupa wujud tina religi atawa kapercayaan téa. Upacara adat téh mangrupa wujud interaksi antara manusa jeung pribadin na, manusa jeung masarakat sabudeureunna, manusa jeung alamna, sarta manusa jeung Pangeranna. Interaksi éta téh tujuanna pikeun ngahontal kasalametan jeung kabagjaan, nu ngaliwatan kasadaran dirina sorangan, masarakat jeung alam sabudeureunna, jeung kakawasaan nu ngajaga tur ngamumulé kahirupanana (Koentjaraningrat, 1993, kc. 24-26).

Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan salahsahiji wujud upacara adat nu aya di Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar, nya éta upacara adat ngabungbang. Ngabungbang téh nya éta ulin ngalantung atawa jarak ka makam karamat atawa ngadon mandi di pamandian nu di karamatna waktu keur caang bulan ngebrak dina tanggal 14 bulan Komariah, biasana dina bulan anu diagungkeun ku Islam saperti bulan Mulud, sangkan meunang berekah (Danadibrata. 2009, kc. 113).

Ilaharna dina unggal upacara adat tangtu miboga unsur, tanda jeung ajén anu nyamuni dijeron, di antarana aya ajén kabudayaan, ajén kaagamaan, ajén kasenian, jeung ajén kaéndahan. Nilik kana kabeungharan ngeunaan ajén-ajén anu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang. Ku kituna dina bahasan awal ieu panalungtikan dipedar ngeunaan unsur sémiotik dina upacara adat ngabungbang. Dina sémiotik bakal kabagi jadi sababaraha klasifikasi, ku kituna ieu panalungtikan nyoko kana pamadegan Peirce (dina Sobur, 2009, kc. 157), tanda téh kabagi jadi tilu bagian, nya éta ikon (*icon*), indéks (*index*), jeung simbol (*symbol*), anu miboga sifat konvensional, nya éta gumantung kana kasapukan masarakat di hiji daérah di mana éta tanda dipaké. Jadi, bisa waé dina ngama'naan hiji hal atawa tanda téh, di hiji daérah jeung daérah séjénna téh béda.

Salian ti unsur sémiotikna, dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan unsur-unsur kaéndahanana anu nyamuni dina sakabéh aspék nu aya dina upacara adat ngabungbang. Baumgarten (dina baumgartenest.blogspot.co.id/2014/01) nétélakeun yén éstétika téh mangrupa susunan anu puguh aturanna sarta dumasar kana pangalaman inderawi anu kaalaman ku manusa. Cindekna, antara kabudayaan, sémiotik, jeung éstétika téh bisa dipatalikeun dumasar kana objékna, nya éta manusa jeung budayana, budaya jeung ma'nana, sarta kaéndahan kana kabudayaan jeung ma'nana.

Lajuning laku tina panalungtikan kudu bisa méré mangpaat pikeun balaréa, salah sahijina bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran di sakola. Ieu panalungtikan bisa dipatalikeun jeung pangajaran dumasar kana simbol-simbol jeung struktur kagiatan upacarana, sabab aya patalina ogé jeung kabudayaan daérah anu tangtuna bakal ngarojong kana pangajaran Basa Sunda. Bahan ajar anu

patali jeung panalungtikan ieu nya éta pangajaran maca artikel ngeunaan kabudayaan anu ditepikeun di kelas XII SMA/SMK/MA, anu saluyu jeung KIKD mata pelajaran basa jeung sastra Sunda.

Panalungtikan ngeunaan budaya tangtuna geus dilakukeun, tapi ngeunaan Upacara Adat Ngabungbang di Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar mah can kungsi ditalungtik. Panalungtikan ngeunaan rupa-rupa upacara dina wangun skripsi, diantarana:

- 1) Fungsi Simbol dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Kacamatan Ciater Kabupaten Subang (Skripsi Virda Suvia Baetami, 2007);
- 2) Tradisi Ngaruat Lembur di Desa Tanjungsiang Kacamatan Tanjungsiang Kabupaten Subang pikeun bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII (Ulikan Sémiotik) (Skripsi Wini Widiastuti, 2014);
- 3) Tradisi Babarit di Kampung Cibenda Kacamatan Banjarsari Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (Skripsi Reni Anggraeni, 2015).

Sanajan saméméhna loba panalungtikan ngeunaan upacara adat, tapi Upacara Adat Ngabungbang anu asalna ti Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar can kungsi jadi objék panalungtikan. Ku kituna ieu panalungtikan dilaksanakeun sarta dijudulan “Ajén Éstétika dina Upacara Adat Ngabungbang di Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA (Ulikan Sémiotik)”.

1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun saméméhna, sangkan ieu panalungtikan leuwih museur, perlu diwatesanan ku analisis unsur sémiotik katut ajén éstétika anu aya dina upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar. Ku kituna, nu rék ditalungtik museur kana upacara adat ngabungbang ngaliwatan ulikan sémiotik tur ngaguar ajén éstétika anu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap:

- 1) Kumaha prak-prakan upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang kacamatan Pataruman kota Banjar?
- 2) Kumaha ajén éstétika dina upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang kacamatan Pataruman kota Banjar?
- 3) Unsur sémiotik naon baé anu kawilang penting nu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang kacamatan Pataruman kota Banjar?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan dina pangajaran maca artikel di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina hakékatna unggal panalungtikan miboga tujuan. Tujuan nya éta hal anu hayang kahontal nalika ngayakeun panalungtikan. Saluyu jeung watesan sarta rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh ajén anu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang kacamatan Pataruman kota Banjar pikeun ngamumulé kabudayaan urang Sunda anu geus mimiti kaluli-luli.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Prak-prakan upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang kacamatan Pataruman kota Banjar
- 2) Ajén éstétika dina upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang kacamatan Pataruman kota Banjar
- 3) Unsur sémiotik naon baé anu kawilang penting nu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang kacamatan Pataruman kota Banjar.
- 4) Larapna hasil panalungtikan dina pangajaran maca artikel di SMA kelas XII

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Pikeun ngajembaran kaweruh ngeunaan ajén éstétika anu nyampak dina upacara adat ngabungbang katut unsur-unsur sémiotikna. Salian ti éta ogé bisa ngawanohkeun deui ka masarakat umum. Ogé pikeun kamekaran jeung eksistensi kabudayaan Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, nya éta:

- 1) Pikeun guru ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun *référénsi* bahan ajar.
- 2) Pikeun siswa ieu panalungtikan dipiharep bisa ngawanohkeun kana budaya sorangan, ulah nepi ka teu wanoh kana budayana sorangan.
- 3) Pikeun masarakat ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan kasadaran sangkan ngawanohkeun adat istiadat ka anak incuna.
- 4) Pikeun nu nalungtik ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajawab sagala rupa kapanasaran ngeunaan ajén anu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawangkacamatan Pataruman kota Banjar.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Pikeun kamekaran kabudayaan di wewengkon Banjar ogé pikeun agenda pamaréntah dina hal kabudayaan nu dilaksanakakeun ku Dinas Kabudayaan. Anu ahir na bakal mangaruhan kana eksistensi ieu upacara adat ngabungbang.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaatn nya éta méré pangaweruh ka sakabéh pihak ngeunaan upacara adat ngabungbang. Nepi ka bisa jadi pangdeudeulkeur lembaga-lembaga formal atawa nonformal pikeun ngawanohkeun jeung nalaah kabudayaan di wewengkonna sorangan.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I nya éta bubuka. Ieu bab eusina kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II nya éta ulikan tiori. Ieu bab eusina ngeunaan tiori upacara adat ngabungbang, semiotika, ajén éstétika, jeung bahan pangajaran maca artikel.

BAB III nya éta metodologi panalungtikan. Ieu bab eusina ngeunaan lokasi jeung sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, tahap ngumpulkeun data panalungtikan, jeung analisis data panalungtikan.

BAB IV nya éta hasil panalungtikan jeung pedaran. Ieu bab eusina ngeunaan upacara adat ngabungbang, pedaran ngeunaan upacara adat ngabungbang, unsur semiotik dina upacara adat ngabungbang, pedaran ajén éstétika nu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang, sarta larapna hasil panalungtikan tina upacara adat ngabungbang kana pangajaran maca artikel di SMA.

BAB V nya éta kacindekan jeung saran. Ieu bab eusina ngeunaan kacindekan tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun sarta saran nu nyusun pikeun lajuning laku kana ieu panalungtikan.